



Kisa Valenz Bluebook ye?

Ak lòt kesyon yo poze souvan

PRI

Kisa Valenz Bluebook ye?

Valenz Bluebook (ansyen non li te Healthcare Bluebook) te chwazi pa MDCPS kòm yon avantaj anplis pou w ka chèche swen, konpare etablisman, epi ekonomize lajan sou sèvis medikal ou yo.

Èske w te konnen pri nan rezo a pou menm pwosedi a ka varye plis pase 500% selon etablisman ou chwazi a?

Sit entènèt ak aplikasyon mobil Bluebook la rann li fasil pou ekonomize lajan sou plizyè santèn sèvis ak pwosedi medikal ki komen paske li montre w ranje pri yo nan zòn ou an epi li ba w yon lis etablisman **Fair Price™** (vèt) pou chwazi.

Kisa "FAIR PRICE" la ye?

Fair Price™ se kantite lajan ou ta dwe rezonabman espere peye pou yon sèvis oswa pwosedi epi li baze sou montan reyèl ki te peye sou reklamasyon an, pa sou kantite lajan yo te faktire a, sa ki reflekte rabè plan sante a te negosye ak etablisman an.

Men yon egzanp gwo diferans pri ki ka genyen ant yon etablisman ak yon lòt.

MRI jenou



REKONPANS PATISIPASYON

Kijan pou m genyen rekonpans Go Green to Get Green?

Ou ka genyen jiska \$1,500 rekonpans chak fwa ou chèche sèvis pou kèk pwosedi nan Bluebook anvan dat sèvis ou a epi ou sèvi ak yon etablisman ki gen nòt vèt Fair Price™ pou swen ou yo.

Kijan mwen pral resevwa rekonpans mwen? Konbyen tan sa pran?

Rekonpans yo trete chak mwa, men yo ka pran plis tan akòz tan sa pran pou reklamasyon yo faktire epi trete. Y ap voye rekonpans ou a ak yon lèt eksplikasyon nan adrès ou genyen nan dosye patwon ou an. W ap resevwa yon kat debi pou rekonpans ou a. Ou dwe aktive l epi itilize l nan yon peryòd 12 mwa.

Èske manm fanmi m yo kalifye pou resevwa rekonpans?

Manm fanmi k ap patisipe nan plan sante a ka genyen rekonpans. Sepandan, rekonpans yo toujou peye bay anplwaye/moun ki enskri a.

Èske m ka genyen plizyè rekonpans?

Wi, ou ka resevwa plizyè rekonpans pou pwosedi ki fèt menm jou a. Pa egzanp, si ou te fè operasyon katarat nan tou de je yo, ou t ap resevwa de rekonpans separe paske ou te itilize yon founisè Fair Price™ (vèt).



Kesyon yo poze souvan

KONFIGIRASYON FASIL

Kijan pou m jwenn aksè ak Valenz Bluebook?

SOU ORDINATÈ, LAPTOP, OUBYEN TABLET OU:

Konekte sou Valenz Bluebook epi mete paj rechèch la nan paj ki sovgade (bookmark) pou w ka jwenn li vit.

healthcarebluebook.com/cc/mdcps

SOU TELEFÒN MOBIL OU:

Telechaje aplikasyon an epi konekte pou w ka gen Bluebook avèk ou nenpòt lè w bezwen pran randevou pou yon pwosedri.

Kòd Mobil: MDCPS1

Yon fwa ou fin konekte, chèche pwosedri w la, gade ranje pri ki parèt sou ba koulè a, apre sa desann sou paj la pou wè lis opsyon etablisman yo selon pri.

Kòd koulè pratik Bluebook yo rann li fasil pou w idantifye founisè sa yo selon pri.

EVALYASYON PRI



Nan nivo oswa anba Fair Price



Yon ti kras pi wo pase Fair Price



Pri ki pi wo



Tcheke li deyò

healthcarebluebook.com/cc/mdcps

888-316-5217

Telechaje
Aplikasyon an:



Kòd Mobil:
MDCPS1

